Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 47 (7598)
2 ноябрь
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## «Закон киназего цо буго»





Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас росабазул бутIрулги ВУСалъул хIалтIухъабиги данде гьарун данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана Собраниялъул пред. М. Юсупов, хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев А. Валиев, прокурорасул зам Ш. МухIамадов.

Балагьиялде росун рукIана районалда хъатIулел кIвар бугеб суалал. Гьезул тIоцебесеб букIана районалда хIалтIулел автозоправочниял станциязда, ихтияр гьечIого ралел бакIазда, жакъа аслияблъун кколеб хасалихълъиялъул призывалъул ва электроэнергиялъухъ жиндир заманалда гIарац кьеялъул суалал.

Жакъа къоялде судалъул хIукмоялда рекъон рагьун руго кIиго заправочнияб станция «Дир хIукмуялда рекъон гуро автозаправочниял станциял къан ругел. МахIачхъалаялда автозаправка кьвагьун хадуб, хасал данде кколел инспекциялги рекъон, гьарурал халгьариязул кьучIалда, ратичIого хIажатал документалгун къана гьел. Гьединлъидал кигIан гIемерал гIарзал нужер ругониги, гьел гьечIого хIалтIизе риччазе рес букIунаро заправкаби. Киназего закон цо буго,»-ян бихьизабула кIалъалаго бетIерас.

КIиабилеб суалалда рекъон ГI. НурмухIамадовас абуна: «Бизнес рукIалиде ккезаби гьеб буго кинабго предпринимателасул аслияб суал, гIезегIан рачIана коммерческияб объектазул нухмалъулезе кумекалъе. Гьанже цо-цоязда тIад гьарулел руго делаби. Гьелде иш ккезабулеб буго жидецаго. ГьабсагIаталда аслияб пайда бугеб бакI коммерциялъул буго туризм. ТIадаб иш кколеб куцалъ тIубалеб гьечIони, законнияб тIалабчилъиялда нухда бачине буго гьезул суалги»,-янги бихьизабуна хадубги бетIерас.

Киналго данделъиялда ралагьарал суалазда хурхун иш тIаде кколел идарабазе кьуна тIадкъаял ва бихьизабуна хадубккун депутатазул корпусгун цадахъ, тIадехун рехсарал суалал гIумроялде рахъинаризе кколин.

## БетIерасул тIадкъаялда рекъон



Гьал къоязда райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, хал гьабуна районалъул ралел бакIазда хIалтIаби унел ругеб куцалъул. Гьелъул комиссиялъе нухмалъи гьабулеб бук1ана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Комиссиялъ гьаб нухалда хал гьабуна Рихьуни ва Майданское росабалъ гьарулел ругел хIалтIабазул. Халгьабиялъ лъикIаб къимат кьуна нухазда гьабулеб капиталияб ремонталъе ва лъинал рачиналъулгун къачIаялъул хIалтIабазе.

Цебехун бицухъе, нухазегун объектазе капиталияб ремонт гьабулеб буго республикаялъул «Мой Дагестан-мои дороги» программаялда рекъон.

## КIвар бугел суалалгун



Гьал къоязда районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдухаликъовас данделъи ах1ана росабазул бутIрул ва учреждениял-организациязул нухмалъулелги ахIун.

Къойил темаялда рукIана консолидированнияб бюджет цIезабиялда, налъаби рецIиялда, налогазул налъаби лъугIизариялда, киналго учреждениял-организациязда хасалиде хIадурлъи гьабиялда хурхун. ЦIикIкIараб кIвар буссинабуна лъай кьеялъул учреждениял хасалиде хIадур гьариялде.

БутIрузулгун дандчIвай

## Тарбия кьей-жакъаги аслияб масъала



Каспийск шагьаралда гьал къоязда ккараб лъугьа – бахъиналда хурхун экстреннияб данделъи тIобитIана 30 октябралда районалъул бетIерас. Гьес лъазабуна гьединал ихтиярал хвезарулел ишал риччазе бегьуларин, гьелъ республикаялда ахIвал-хIал хIалуцинабизе бегьулин. Жакъа бичIчIулеб буго гьеб ишалъе хIадурлъи цебеккунго бук1араблъи. БатIи-батIиял асаразда гъоркье гIолилал ккеялъе гIилла ккола хIалтIаби гьечIолъи. Нилъер гIолилазда гьоркьоб лъикIал гьечIел ишал ккунгутIиялъул ва гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъ бетIерас т1ад къана муниципалитеталъул росабазул бутIрузда. Гьеб ишалъухъ мисалалъе бачана Унсоколо росу, гьединго тIадкъана киса-кибего росабалъ рузманалдаса хадуб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби, гIолеб гIел куцаялде кIвар буссинаби бук1инабиялде.

Гьебго темаялда кIалъазе рахъана чIахIиязул Советалъул пред. М-ХI. МухIамадов жамгIияб палаталъул пред. М. МухIамадов, Собраниялъул пред. М. Юсупов, гIолилазул рахъалдасан вакилзаби. Киналго кIалъараз кIвар буссинабуна гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул иш цIидасан кодохъ босизе кколин, гьезие рекIелгъеялъул бак1азда тарбия кьей гIуцIи букIине кколин. Районалъул бетIерасул буйрухъалда рекъон муниципалитеталда гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIиналъе гIуцIана штаб.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 47 (7598)
2 ноябрь Хамиз
2023 сон



## Жавабчилъи борхизабиялъе

Араб анкьалда плановиял суалалгун данделъи тIобитIана муниципалитеталъул ришватчилъиялде данде чIараб комиссиялъ. Балагьана комиссиялъул 2024 соналъе гьабураб планалъухъ. ГIенеккана муниципалитеталъул учреждениял-организациязул отделазул нухмалъулезул к1алъаязухъ. Гьенибго гьабулеб хIалтIуе кьуна кколеб кьимат, рихьизаруна гIунгутIаби тIаг1инариялъе ругел ресал, жавабиязе кьуна тIадкъаял.

# Качественнияб хIалтIигун



Районалъул культураялъул отделалъул нач. ГIали ГIабдулаев, РДялъул культураялъул министерасул зам. Мухтар Къурбановагун цадахъ балагьана Унсоколо искусствалъул школалда ремонталъулал х1алт1аби унел ругел куцалъухъ. Гьенир гьаризе руго школалда гIурчинлъи гIезаби, киналго нуцIби хиси, школалда цебе гIурччинаб покрития гьаби гIадал ишал.

Гьенибго М. ГIусмановас кIвар буссинабуна хIалтIабазул качествалде. Гьенибго подрядчиковас бихьизабуна качественнияб къагIидаялъ гIагараб заманалда школалда хIалтIаби рагIалде рахъинаризе ругин. Гьенир хIалтIаби унел руго «Культура» миллияб просталда рекъон.

ГI. МухIамадовичас нухмалъиялъе баркала загьир гьабуна лъималазул лъайгун пикру цебетIезабиялде кьолеб кIваралъухъ.

# БестIаласе-жанив чIезе рукъ



Рихьуни росулъа Запир МухIамадовасе талихIаблъун батана гьаб сон. Гьесие опекаялъул рахъалдасан гьал къоязда кьуна жаниб жаниб гIолеб рукъ. Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас жинцаго кьуна васасухъе рукъалъул кIул.

Районалъул корресподентги щвана опекаялъул хIалтIухъан Х. Жамалдинавагул гьесухъе. КIудияб разилъигун дандчIвана нижгун гьев, бихьизабула нижеда рукъ. Хадуб рукъалъул бетIергьанас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе ва Хадижат Жамалудиновалъе бугеб къварилъиялъухъ балагьаралъухъ ва бихьизабула бокьараб заманаялъ кумекалъе ратизе рагин.

Как-диналъул хIуби

# Как камиллъичIони...

Как диналъул хIуби бугин абиялъе дида ракIалде кола цо хассаб гIилла бугин. ХIуби гьечIони чIало колареълъул. Гьелъул исламияб диналда жаниб бугеб кIварги, магIнаги ц1акъго ц1ик1к1араб буго. Гьедин букIинчIебани тIоцебе хобалда жаниб жиб цIехолеблъунги гьеб букIинароан. ГьедигIан кIвар бугеб диналъул парз гьадинго тIаса-масаго тей, гьеб ва гьелъул хIакъикъияб магIна лъазабичIого рукIин, дир хIисабалда кола ахIмакълъи ва иман тIеренлъи.

ГIадада гурелъулха цо кIудияв гIалимас абун бугеб «Как буго жиб гIумроялъго балебги букIунеб, камилго базеги лъалареб Аллагьасул тIадкъай-абун». Гьелъул магIна кола дир хIисабалда кидаго жиб лъикI лъалезда цIехолеб, камилго лъазабулеб ва мухIкан гьабулеб букIине кколеб динияб тIадкъай бугин гьеб-,абун. Нилъер заманаялъул нававияв-абун СагIид афандияс (къ.с) жиндие цIар кьун тарав, нилъер шагьид КъурамухIамадхIажияс (р.хI) хассаб кIвар кьолеб букIана щивасда как-ва гьелъул диналда жаниб бугеб кIвар бичIчIизабиялде ва мухIканго лъазабиялде. Абизе бегьула гьесул киналго вагIзаби ва насихIатал данде росани, гIемерисел гьел какил бицунел рукIанилан. Мекъи ккеларо гьаб тIубараб Дагъистаналдаго как мухIканго базе кколеб куц малъарав чи вукIанин абуниги.

Гьединал чIахIиял гIалимзабаз гьелде кьолеб бугеб кIваралъго бичIчIулеб гьечIищ как цIакъго кIвар цIикIкIараб, жиб тIаса-масаго тезе бегьулареб, цIакъго мухIкан гьабизе кколеб гIамалаздасан букIин ва гьеб мухIканлъун батичIони, нилъер цогидаб лъикIаб гIамал къабул гьабунгутIи. Амма цо-цо чагIаз как тIобитIулеб бугеб къагIида бихьараб мехалъ битIахъего рак1 къотIулеб гIадаб асар лъугьинчIого хутIулеб гьечIо рекIее. Диналъул вац, дуца гьеб какилъ гьадинал гьалатIал риччалел руго, гьеб бегьуларо,-ян гьесда абуни, бокьулеб гьечIо квеш бихьун лъугьунел руго, дир какил жаваб дица кьела, дурго какги бан вуцIцIун вукIа,- абун жаваб гьабулелги камулел гьечIо.

Аллагьас нилъее киназего диналъулъ бичIчIи ва лъай кьеги. Как банагури-ян, абизе балеб букIин ва гьедин бараб какица гьесие дугIаги гьабизе бугелъул: Аллагьас дуца дун гIадада хвезабураб гIадин, мунги гIадада хвезавиги-абун какалъ абуледухъ бач1ого. Бан бахъарабго гьединаб как гьесда гьурмалъ кьабулинги бугелъул. Аллагьас нилъ гьединаздасан гьарун ратугеги! Гьаб бакIалдаса дие рехсезе бокьун буго аварагасул (с.т.гI.в) заманалдаса ккараб цо гьадинаб лъугьа-бахъин. Бук1ине те гьеб какил кIваралъул бичIчIизе ва лъазе бокьаразе мисаллъун.

Цо къоялъ Мух1амад аварагги (с.т.гI.в) ва Абубакарги (р.гI) какги ахIун гьоркьоблъиялъул заманаялда мажгиталда кIалтIа дагьалъго лъалхъула. Гьеб мехалъ гьезда аскIове вачIуна цо гIолохъанчи ва хитIаб гьабун кIалъала Абубакр (р.гI) асхIабасдехун. ЦIехола аварасдехун (с.т.гI.в) кIалъазе жиндие изно бугищан. ГIолохъанчияс абула, я бичасул авараг, гьабсагIаталда хвана дир эмен, дир гьесда базе мусруги гьечIо, гьев чуризе чиги гьечIо, Гьев вукъизе кумекги хIажат буго,-абун. Гьеб мехалъ аварагас (с.т.гI.в) Абубакр асхIабасда(р.гI.) хитIаб гьабун абула гьев васгун цадахъ а,-ян гьевги тIовитIун тIад т1ад руссунги рачIа,-ян.

Гьедин уна гьел, амма гIемер заманго иналдего тIад руссун рачIуна кутакаб хIинкъиялъул асаралда гьоркь. Щиб ккарабилан гьикъидал гьез жаваб гьабула, я бичасул авараг (с.т.гI.в) ниж гьенириги ана ва нижеда бихьана цо батIияб гIаламат, ниж гьенире щвейгун гьав васасул эмен, ай гьесул жаназа чIегIераб болъонил сипаталде сверун батана, нижги хIинкъун гьабизе жо лъачIого тIад руссана,-ян. Гьеб мехалъ гьел аварaггун (с.т.гI.в) лъабалго цадахъ гьенире уна ва гьеб къанагIатаб гIаламат беразда бихьула. Хадуб аварагас (с.т.гI.в) 2 ракагIаталъул какги бан, Аллагьасде гьарула. ГьебсагIатго чIегIераб болъонил сипат тIадбуссун инсул сипаталде сверула, гьелдаса хадуб жаназа чурула,мусралгиран,жаназаялъул какги бан, хобалда аскIобе босула. Нахъеги гьеб гьобго чIегIераб болъониде сверула. Гьеб мехалъ бичасул Аварагас (с.т.гI.в) гьев хварасул вас жинхъего ахIула ва гьикъула; дир вас гьав дур эмен щиб гIамалалъул чи вукIарав,-абун. Васас жаваб гьабула какал толев ва какил кIвар гьечIевлъун вукIанин,-абун.

Гьанже хIисаб гьабеха вацал, гьаб бакIалда как тIаса-масаго тарав чиясул иш гьадин ккараб мехалъ, базего баларев чиясул иш кинандай букIина,-абун.

Аллагьас нилъее киназего тавпикъ кьейги какил кIварги магIнаги бичIчIун, гьеб мух1канго баялде пикру басинабизе.

**МУХIАМАДХIАЖИ АХIМАДОВ Унсоколо росу**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 47 (7598)
Хамиз
2 ноябрь 2023 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



## Об особенностях осеннего призыва 2023 г



**1. По организации и проведению призыва граждан на военную службу в РД**

В период с 1 октября по 31 декабря 2023 года в соответствии с Указом Призидента Российской Федерации №735 от 29.09.2023 и приказом Министра обороны Российской Федерации №655 от 29.09.2023 в Республике Дагестан начались мероприятия призыва граждан на военную службу граждан 1996-2005 годов рождения.

В соответствии с Распоряжением Главы Республики Дагестан от 27 сентября 2023 года №131-рг «О республиканской призывной комиссии и прызывных комиссиях муниципальных районов и городских округов Республики Дагестан на период проведения призыва граждан на военную службу осенью 2023 года» призыв будут осуществлять 53 призывных комиссий, а также к работе призывных комиссий будут привлечены общественные организации, представители которых получат право участия в заседаниях районных и городских призывных кимиссиях.

Из Республики Дагестан на военную службу предстоит отправить более 3000 тысяч новобранцев, в том числе Унцукульского района более 35. Они будут направлены во все виды и рода Вооруженных Сил Российской Федерации, а также в другие войска, где законом предусмотрена воинская служба.

В настоящее время военную службу по призыву проходят 56 унцукульцев. По информации, поступающей из воинских частей, наши земляки с честью выполняют свой воинский долг, достойно продолжают славные традиции воинов-дагестанцев.

Запланированные на осенний призыв 2023 года отправки призывников в войска будут направляться к местам прохождения военной службы автомобильным, железнодорожным и авиационным траспортом.

Перед убытием к месту несения службы все призывники будут переодеты в повседневную форму одежды: для ВМФ - черного цвета, для ВКС и ВДВ - синего, для остальных видов и родов войск – зеленого цвета.

Закончится осенная прзывная кампания 31 декабря 2023 года.

Срок военной службы также как и всегда составляет 12 месяцев.

В период осеннего призыва в военном комиссариате (Унцукульского муниципального района РД) будет работать «прямая телефонная линия» по вопросам призыва граждан на военную службу по телефону **8 (8722) 55-10-22;** время работы- **9.00-13.00.**

**2. Особенности осеннего призыва 2023 года.**

Призывники, призванные с Республики Дагестан будут проходить военную службу по призыву только на территории Российской Федерации во всех видах и родах войск Вооруженных Сил Российской Федерации.

В зоне специальной военной операции военнослужащие, проходящие военную службу по призыву принимать участие, не будут.

**Д.М. Мустафаев,**
**Военный комиссар**
**РД полковник**

## Основания для приостановления судебного и исполнительного производства в отношении добровольцев и мобилизованных

Федеральным законом от 29.12.2022 № 603-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» устанавливаются новые меры поддержки добровольцев и мобилизованных граждан из числа участников судебного процесса, должников в исполнительном производстве.

Согласно изменениям основанием для приостановления гражданского, административного или исполнительного производства является участие в боевых действиях в составе Вооружённых Сил Российской Федерации, других войск, воинских формирований и органов, в проведении контртеррористической операции, выполнение задач в условиях чрезвычайного или военного положения, вооружённого конфликта, призыв на военную службу по мобилизации, заключение контракта о добровольном содействии в выполнении задач, возложенных на Вооружённые Силы Российской Федерации.

Суд вправе приостановить судопроизводство, если гражданин, находящийся в указанных обстоятельствах, не передал свои полномочия другому лицу и в его отсутствие дальнейшее рассмотрение дела не представляется возможным.

По заявлению мобилизованного в территориальную службу судебных приставов может быть приостановлено и исполнительное производство.

Важно отметить, что указанные случаи не являются основанием для приостановления исполнительных производств по алиментным обязательствам, а также по обязательствам о возмещении вреда в связи со смертью кормильца.

## В России продолжается деофшоризация экономики

Деофшоризация – это процесс возвращения активов и предприятий из-под иностранного контроля в российскую юрисдикцию. Это одна из приоритетных задач правительства, которая была поставлена президентом Владимиром Путиным еще в 2012 году. Целью деофшоризации является повышение собираемости налогов, прозрачности собственности и защиты национальных интересов.

Для достижения этой цели были приняты ряд законодательных мер: обложение налогом прибыли контролируемых иностранных компаний, раскрытие информации о конечных бенефициарах российских юридических лиц и участие в международном обмене налоговой информацией. Эти меры направлены на предотвращение уклонения от уплаты налогов, отмывания денег и финансирования терроризма через использование офшорных юрисдикций.

Генпрокурор Игорь Краснов рассказал президенту о работе по деофшоризации российской экономики, которая дала заметные результаты. Он сообщил, что прокуратура подала более 24 тысяч исков в суды на сумму более 187 миллиардов рублей, связанных с незаконной утратой государственной собственности. Он также отметил, что удалось вернуть под российский надзор ряд стратегических объектов, важных для экономики и безопасности страны.

Однако деофшоризация также имеет свои сложности и последствия для бизнеса: повышение административной нагрузки, риски нарушения конфиденциальности, необходимость адаптации к новым правилам и условиям. Поэтому деофшоризация требует сбалансированного подхода, учитывающего интересы всех сторон.

## Нотариусов хотят обязать заранее уведомлять наследников о долгах

По состоянию на 2023 год нотариусы не обязаны проверять долги наследодателей и сообщать об этом наследникам. Это приводит к тому, что многие наследники не знают, что вместе с имуществом они получают и обязательства по его оплате. В Госдуме рассматривается законопроект, который предлагает изменить эту ситуацию.

По законопроекту, нотариусы должны будут запросить сведения о долгах наследодателя из ФССП и ФНС и уведомить об этом наследников в течение 10 дней после смерти наследодателя. Наследники смогут получить эти сведения в письменном виде или через портал Госуслуг.

Цель законопроекта – помочь наследникам принять осознанное решение о том, стоит ли им вступать в наследство или нет. Наследники должны знать, что долги наследодателя переходят к ним в пределах стоимости наследства, и что отказаться от наследства можно только полностью, а не частично. Также наследники должны быть в курсе финансового положения своих родственников, чтобы избежать неприятных сюрпризов после их смерти.

Законопроект поддержали Министерство юстиции, Министерство финансов и ФССП. Они считают, что такая мера повысит правовую грамотность граждан и защитит их интересы. Однако некоторые эксперты высказали свои возражения. Они утверждают, что такая проверка может затянуться и заблокировать процесс наследования. Кроме того, они опасаются, что нотариусы могут использовать эту информацию для шантажа или манипуляции наследниками.

# ОБЪЯВЛЕНИЯ

**ГКУ РД ЦЗН В МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»**

Информирует граждан, что в Краснодарском крае осуществляется деятельность 43 из 45 организаций, включенных в сводный реестр организаций оборонно-промышленного комплекса (ОПК).

В связи с этим начат подбор желающих трудоустроиться за пределы своего региона.

**Вакансии:**

**Электрогазосварщик- з\п до 60000 р Слесарь по обслуживанию тепловых сетей-з\п до 42300 р Столяр-з\п до 70000р Швея-з\п до 60300р и т .д.**

Вакансий много для уточнения всех вакансий и для трудоустройства вы можете обратиться в центр занятости населения «Унцукульского района». Будем рады вам помочь.

## Вакансии в Сахалинской области

**ГКУ РД ЦЗН В МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»**

Информирует граждан о потребности в работниках , имеющейся на предприятиях Сахалинской области. В связи с этим начат подбор, желающих трудоустроиться за пределы региона.

**Вакансии:**

**Диспетчер (ФРС, Поронайск) з\п 90000р, инженер электротехнической лаборатории участка электрического цеха – з\п-89000р, ветеринарный врач-з\п 94000р., Ведущий инженер по подготовке производства работ- 80000р и т.д.**

Вакансий много для уточнения всех вакансий и для трудоустройства вы можете обратиться в центр занятости населения «Унцукульский район». Будем рады вам помочь.

## Вакансии в Новосибирской области

**ГКУ РД ЦЗН В МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»**

информирует граждан, что на сегодняшний день ООО ИК «Новые технологии» (далее –учреждение) испытывает острую потребность в работниках .В связи с этим начат подбор безработных граждан, желающих трудоустроиться .

**Требуются:**

**Машинист экскаватора погрузчика, сварщик, бетонщик, крановщик крана, монтажник стальных и железобетонных конструкций. Работодатель предлагает бесплатное трехразовое питание, работу вахтовым методом с предоставлением жилья, средняя заработная плата от 60 000 р до 130 000р.**

Заинтересованные граждане для трудоустройства в данной области могут обратиться в ЦЗН «Унцукульского района». Будем рады вам помочь.

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

**Индекс 368950 РД, Унцукульский район пос. Шамилькала, ул.М.Дахадаева,3**
**тел.55-64-85 e-mail:mo_uncuk_raion@mail.ru**

## П О С Т А Н О В Л Е Н И Е

**от «4» октября 2023 г. №150**

**О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений МО «Унцукульский район»**

В соответствии с Постановлением Правительства Республики Дагестан от 4 октября 2023 года №392 «О повышении заработной платы работников государственных учреждений Республики Дагестан», Администрация МО «Унцукульский район» **постановляет:**

1 Повысить с 1 октября 2023 года на 5,5 процента оклады (должностные оклады), ставки заработной платы работников муниципальных учреждений, находящихся в ведении МО «Унцукульский район», на которых не распространяются указы Президента Российской Федерации от 7 мая 2012г. № 597 «О мероприятиях по реализации государственной социальной политики».

2 Финансирование расходов, связанных с реализацией настоящего постановления, осуществлять за счет средств, предусмотренных в бюджете МО «Унцукульский район» на эти цели.

3 Настоящее постановление вступает в силу со дня его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2023 года.

**Глава МО**
**«Унцукульский район» И.Нурмагомедов**

## МухIамадов МухIамад МухIамадович



Гьаб соналъул октябрь моцIалъул авалалда къокъидаб унтиги ч1ван, нилъедаса ватIалъана камилаб хIалтIиялъул, берцинаб гIамалхасияталъул, гьайбатав инсан МухIамадов МухIамад МухIамадович. Гьев гьавуна Унсоколо районалъул ЦIатIанихъ росулъ захIматалъулал гIадамазул хъизаналда I938 соналда.

МухIамад Советияб армиялда хъулухъги гьабун тIадвуссараб I963 соналда хIалтIизе лъугьана росдал микьго сонил школалде байбихьул классазул мугIалимлъун. Гьенив хIалтIана I965 сонилъул тIоцебесеб февралалде щвезегIан. I965 соналъул I0 февралалда вищана районалъул комсамол организациялъул кIиабилев секретарлъун.

Гьеб букIана Унсоколо район цIидасан гIуцIулеб захIматаб заман. Щибаб къоялъ ине кколаан росабалъе магIишатазда, школазда ругел комсомолаялъул организациязул хIалтIи гIуцIизе, гьезие кумек гьабизе. Росабалъе ине бук1инч1о кинаб букIаниги транспорт, хьвадулаан гIодосан. Гьедин гьабураб хIалтIул хIасилалда гьесие кьуна комсомолалъул ЦКаялъул ХIурматияб грамота, комсомолалъ 50 тIубаялда хурхунги к1одо гьавуна гьединабго грамотаялдалъун.

I969 соналъул I июлалда хIалтIизе лъугьана партиялъул райкомалъул пропагандалъулгун агитациялъул отделалъул инструкторлъун.

I970 соналъул I0 марталда тIамуна пропагандаялъулгун агитациялъул отделалъул заведующиясул замлъун ва парткабинеталъул заведующийлъун. Гьенив хIалтIулел соназ кьуна Дагъистаналъул партиялъул обкомалъул ХIурматияб грамота.

Партиялъул райкомалъул организациялда хIалтIулеб заманалда цIализе лъугьана Ростовалъул тIадегIанаб партиялъул школалде ва бергьенлъиялда лъуг1изабуна. I976 соналъул 3 маялда тасдикъ гьавуна районалъул газеталъул редакторлъун. Гьенив хIалтIана I987 соналъул 20 августалде щвезегIан. Гьеб соналъул 2I апрелалда хIалтIизе лъугьана республикаялъул магIарулазул театралъул постановкабазул бутIаялъул отделалда заведующийлъун. Гьенив хIалтIана 30 сонаялъ. 20I7 сонаялъул сентябралда кьун гIарзагун ана хIалтIудаса.

Районалъул администрациялъул ва «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабазул рахъалдасан гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго

**МухIамадов МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул хъизаналда, лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьев иманалда т1овит1ун ватаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 2. 11.2023 г. 14. 45
фактически -15. 55 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.